M68

Т. МӘТМУРАТОВ



# АЙСӘНЕМ

Книга должна быть возвращена не позже указанного здесь срока

Количество предыдущих выдач ____________

| | |
|---|---|
| 22.04.2004 | 831 |
| 22.04.2006 | 804 |
| 3/III-2007 | 579 |
| 7-05-07 | 113 |
| 2042011 | 14 |

25б 7ооооо.

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС—1973



ТӨЛЕПБЕРГЕН МӘТМУРАТОВ

# АЙСӘНЕМ



ҚОСЫҚЛАР ҲӘМ ПОЭМАЛАР

С(КК)2 *Мәтмуратов Төлепберген*
М68 **Айсәнем.** Қосықлар ҳәм поэмалар Нөкис, „Қарақалпақстан“, 1973. 96-бет.

Талантлы жас шайырлардың бири Төлепберген Мәтмуратовтың бул топламының тийкарын оның лирикалық қосықлары менен бирге „Перизат“, „Айсәнем“ поэмалары қурайды. Шайырдың қосықлары өзиниң лирикалық нәзиклиги менен оқыўшының кеўилин өзине тартады. Оның қосыкларында туўылған үлкениң сулыў тәбияты, мийнет адамларының мәртлик ислери менен жоқары адамгершиликлери тәрипленеди. Қолыңыздағы китап оның тақыйық мысалы бола алады.

7—4—3
54-73-м

Рес. библиотека
Мин. культуры ККАССР
2110858
Т-06

Художник *Қ. Нажимов*

© „Қарақалпақстан“—1973

# ТҮРЛИ ЫРҒАҚЛАР

## ДОСЛАРЫМА ДЕГЕНЛЕРИМ

I.

Достым, көкирегиң таныйма,
Шайыр деген болар мийнеткеш.
Шайырлықта болмас қағыйда,
Шайырлықты ҳешким үйретпес.

Шақырмаса өзиңди Парнас,
Илҳамланып қосық жазыўға.
Онда сени үйрете алмас,
Пушкин менен Әжиниязың да.

Достым, билсең, шайырлық деген,
Кеўилиңди алға баслайды.
Тек қуры қол жалынған менен,
Қосық саған есик ашпайды.

Ким билмейди уйқастырыўды,
Уйқастырар „сыншы“ларын да,
Қой оларға қулақ түриўди,
Қасыңызда шайыр барында.

Көкиректе болмаса көзиң,
Таныў қыйын қосық дүньясын,
Ана билер қыздың минезин,
Зергер таныр қыздың сырғасын...

II.

Жақсыларға мудам бас урсам,
Жақсылардан шарапат болар,
Жақсылығын журттан жасырсам,
Онда маған, бир апат болар.

Кемшиликсиз болмайды ҳешким,
Гейбиреўдиң ҳөнери болмас.
Дәртке даўа болмаса достың,
Достым деўдиң кереги болмас...

Мениң жаным ашыйды, журтым,
Достым изде қалып баратса.
Басқа қалай болыўым мүмкин,
Дүнья бизди сөйтип жаратса.

Гә жылап, гә күлиўим мүмкин,
Жаратылған усылай инсан.
Басқа қалай болыўым мүмкин,
Мен ҳәм инсан перзенти болсам.

## АДАМГЕРШИЛИККЕ АБАЙЛЫ БОЛЫҢ

Адамгершиликтиң несин айтасаң!—
Кеўил сандығына нағыш, зер болар.
Киси кеўилин қалдырыўға қорқасаң,
Зейинге тийгенлер кейин қор болар.

Адамгершилигим—арым, намысым,
Дейип түсингенниң ойы артықмаш,
Жақын ете билер бәрҳа алысын,
Өмир теңизинде шүмип мангықпас.

Адамгершиликке абайлы болың,
Өзиң суйық болсаң, тағар жаман ат.
Онда, алыў қыйын иззетли орын,
Мейли тас қопарып, таўды домалат.

Шам менен табылар түскен бир тал шаш,
Жиңишке болса да мейли, каншама,
Адамгершиликти жойгсаң—табылмас,
Егер еки көзиң қуяш болса да.

*29-июль, 1971.*

## КЕЎЛИМ СҮЙЕР КӨККЕ ТАЛЎАС ЕТИЎДИ

Кеўлим сүйер көкке талўас етиўди,
Жаным сүйер жақсылардың диййдарын,
Жаным сүйер сөздиң алмас етиўди,
Бири таныс, бири маған биймәлим.

Жаным сүйер мөминлигин қозының,
Жаным сүйер нәзиклигин нашардың,
Жаным сүйер Әжинияздың сезимин,
Сол арқалы келер мениң жасарғым.

Кеўлим сайрар—мисли жулдыз шашқандай,
Жаным мениң жасарады жаз киби,
Сезимлерим гүл жайнаған бостандай,
Кеўил—дәрья—сезимлердиң тасқыны.

Тәнге дәрман татлы қыял, татлы ой,
Арзыў-әрман жақты жулдыз, алыс таў.
Сезимлерим бәринен де жақты ғой,
Бири жақын, бири маған алыслаў.

Кеўлим мениң мына аспан сыяқлы,
Жаным мениң жақсылыққа қуштар-аў.
Жаным сүйер мөлдир шәшме булақты,
Әрман татлы. Әттең өмир қысқалаў...

*Сентябрь, 1970*



## СОНДА ҒАНА МЕН ӨЗИМЕ УСАЙМАН

Алдымба я қалдырдымба дос кеўлин,
Үйге қатал, досларыма бос кеўлим,
Дослар менен, қостар менен хош кеўлим,
Қатты кетсем, өзимди өзим қысарман,
Сонда ғана мен өзиме усайман.

Мен билмеспен гейде өкпе, ашыўды,
Мен билмеспен сирә сөйлеп қасыўды,
Мен билмеспен гейде асып-тасыўды,
Асып кетсем, кейин жеймен пүшайман,
Сонда ғана мен өзиме усайман.

Гейбиреўлер қақсам дейди қазық ғып,
Кеўилимди хошлар мениң жазықлық,
Кеўилимди хошлар мениң нәзиклик,
Сондай ўақта көтерилип ушарман,
Сонда ғана мен өзиме усайман.

Дүнья деген қызыл түлки... шаршадым,
Узап кетсем досларымды аңсадым,
Жақсыларға аўа берер аңсарым,

Сонда мениң қус атқаным ушардан,
Сонда ғана мен өзиме усайман.

Жигит болдым дей алмайман әрмансыз,
Әрман! Маған әрман болып қалғансыз.
Ырас сөзди айталмасам жалғансыз,—
Бир зейинли баладайман „үш“ алған,
Сонда ғана мен өзиме усайман.

Отыз жастан өткен адам болсақ та,
Қызығаман қызлар таққан моншаққа,
Балалығым еске түсер сол ўақта...
Барлығы да болар кейин түс, әрман,
Сонда ғана мен өзиме усайман.

*27-июль, 1971.*

## МЕНИ ОТЫРЫСПАҒА МИРӘТ ЕТКЕН БИР ЖОРАМА АРНАП ЖАЗЫЛҒАН ҚОСЫҚ

Достым, бүгин мени араңа қоспаң,
Бүгин зыяпаттан қашқан досыңман,
Бүгин алыспайжақ әлпимиз ҳаслан,
Бир илҳам периси келди тосыннан.

Бүгин өмир маған сондай заўықлы,
Бүгин өз алдыма сазым болажақ.
Бүгин қәдир сағымындай кәўипли,
Ол илҳам периси жазым болажақ.

Достым, келген периштемди ушырма,
Бүгин зыяпатты қоя турайын,
Бир тост көтериңиз бизин ушын да,
Отырыспаң толы болғай илайым.

Бүгин ондай зыяпаттың жатыман...
Илҳам перисиниң шашын өрейин,
Ертең сол„периниң“ шарапатынан
Дөреген қосықты оқып берейин.

Жақсы нийет пенен атаң атымды,
Бүгин отырыспаң өтсин Төлексиз.
Түнде қағып жүрмең мениң қапымды,
Биймезгил күлкилер бүгин кереksиз.

Достым, бүгинимди бериң қарызға,
Нағыз саз-саўбетке қуштар болсаңыз.
Ғыйбат айтагөрмең отырыспаңызда,
Бир илҳам перисин ўслар болсаңыз.

Достым, бүгин мени араңа қоспаң,
Бүгин зыяпаттан қашқан досыңман.
Бүгин алыспайжақ әлпимиз ҳаслан,
Бир илҳам периси келди тосыннан.

*9-август, 1971.*

* * *

Кемшилигин көрмес мәҳийтабанлар,
Журтты мисе тутпас қәдди-бой болса.
Өзлерине күле билмес адамлар,
Басқаларға күлер жағы тайғанша.

Күлки дәри дейди. Буған тураман,
Дәрини көп жесең, биййҳал етпейме.
Қайғыра билмесе бирде-бир адам,
Ҳәмме масқарапаз болып кетпейме.

*9-Сентябрь, 1972-ж.*

## ТУЎЫЛҒАН ЖЕР ҚОСЫҒЫ

Торпағың көзге сүрме, шөбиң дәри,
Жасымда киндик шешем ушықлаған.
Көркиңе көз жиберсем қубылмалы,
Жаныма сонша жақын, ысық маған.

Өскенмен жапларында қалақ ойнап,
Мен сени ойлай берсем жалықпайман.
Гүмбирлесе дуўтарың аламойнақ,
Тағыда шарықлайман, шарықлайман.

Өзиңди тәрийплеўге шамам келсе,
Руўхый байлығыңа мақтанаман.
Қайдан келдиң қәнекей наман десе,
„Бозатаўды" гимним деп атқараман.

Дәстурқаның кең жазық, төгилмели,—
Халқымның сақыйлығын баянлаған.
Сөйлесе ғаррыларың шөгирмели,
Шежирениң бетлерин жаяр маған.

Қыялымды тербеткен далам мениң,
Қут дала, жасыл дала, ай даласаң,



Аясында өсирген анам мениң,
Сен маған ўақтыхошлық той боласаң.

Дүньяда ақыл үстем, ғайрат үстем,
Шын азамат алады сұңқар атын,
Егерде туўған жерден айра түссем,
Онда мениң сынғаны бир қанатым.

Сен мениң сүйенишим, асқар таўым,
Сен мениң сезимимсең ғайры нағыш,
Сүймесем қуўаныштан бос қалғаным,
Онда биз арнамыстан айрыламыз.

Керек емес жат елдиң жылтылдағы,
Сен маған мәңгиликсең, бир күн емес,
Парижди тәрк етиўим мүмкиндағы,
Өзиңди тәрк етиўим мүмкин емес.

Жериңе жасыл гия төсек бирдей,
Көк шалғын егиниң бар ырғатылған.
Терекке шырматылған пәшек гүлдей,
Тәғдирим өзиң менен шырматылған.

Мен өзим бир қәлпимде туралмайман,
Жыл өтер, жыллар өтер жумалаған.
Жыл өтсе—жас минеди—қуўанбайман,
Мен сениң жаслығыңа қуўанаман.

Мәкәным, бағ-дәўлетли несибели,
Мудамы, қушағыңа талпынаман,

Туўған жер кеўилимди өсиреди,
Өзгеше туўған жердиң заўқы мағаң.

Дүньяға шыққан ўақта көзим көрген,
Туянам, мәртебели моншақ елим,
Қаншама жырақ болсам өзиңнен мен,
Қыялымды тартасаң сонша мениң.

Сен мениң Әмиўдәрьям, Қаратаўым...
Төбем көкти тирейди ғурғынласаң.
Сен мениң гүмбирлеген ақ отаўым,
Алақандай болсаң да бир дүньясаң.

Бала болдым терекке өрмелеген...
Мәканым, бәрҳа сени сағынаман,
Мен сениң жуўсаныңнан емленемен,
Мен сениң дәртиң менен аўыраман.

*Сентябрь, 1972 ж.*



## ЖАҚСЫЛЫҚҚА ҮЙРЕТ...

Белгили бизлерге бала әдети:
Көзи көрген затқа қолын созады.
Булкәрасын айтсақ егер гәп етип,
Оған бәри жақсы, бәри мазалы.

Ойыншық әпериң улларыңызға,
Әпериң самолет, әпериң машын.
Қуўыршақ әпериң қызларыңызға,
Отырғызып оның сыйпасын шашын.

Қозысы қасында жүрсин баланың,
Үрпейип жүрмесин барса тоғайға,
Изинен айдасын ала тананы,
Созбасын жыланға қолын, абайла.

Тай әпер балаңа жалын сыйпасын,
Ылақ пенен ойнат, үйиркелессин.
Баланды қорқытып қуртпа диңкесин,
Әйдарҳа айбынар ул болып өссин.

Жаслай қанық болсын қуслар тилине,
Оған бүлбил әпер, сайратып көрсин,

Рес. библиотека
Мин. культуры ККАССР
310858

Оған маймыл әпер, қорқпай түринен,
Секиртип-секиртип ойнатып көрсин.

Сораған затларын әпер дуканнан,
Пәтпелек соғып бер, көкке ушырсын.
Үлкейгенде қалмай қурбы-катардан,
Бәлентликке шығыў жолын түсинсин.

Ҳәрким сүйер өз перзентин, жигерин,
Ҳәрким өз улының кеўлин көтерер.
Әпериң дуканнан кәлегенлерин,
Мылтық әпермеңиз бирақ, әкелер!

Жақында улыма мылтық әперип,
Мине бүгин жеп турыппан пушайман.
Бар болса да өзимде бир қәтелик,
Басқаларды дузейжаққа қусайман.

Әкелер, бул сөзге қулақ түриңлер,
Еле иске аспаған қыял болса да.
Мылтық әпермеңлер—пайда билиңлер,
Егер дуканшыға зыян болса да.

Бузаўды көрмеген калалы бала
Сыйыр мөңиресе ҳәргиз үркпесин.
Әперме балаңа мылтықты ғана,
Басып үйренбесин оның шурппесин.

Балаларға салсаң: „Айды әпер“ дер,
Қызықсынып қарар түрли нәрсеге.



Қолына қуты бер, топ бер, шекер бер,
Әпермеңмылтықты бийпул берсе де.

Мылтыққа үйретпе баланды ҳаслан,
Оған пышығына „пишим“ деп үйрет.
Жақсылыққа үйрет әўели бастан,
Кети кат аспанды түсин деп үйрет.

ала көргенинин бәрин сорайды,
йландырып үйрет, шонтық болмасын.
ызық ойыншықлар әпер колайлы,
ирақ, ойыншығы мылтық болмасын!

ч маймыл

* * *

Сүйемен деп
Қуры қыйғырыўдан
Не пайда!
Ўатанды, адамды
Сүйиў керек—
Жаның ашып,
берилип,
Ҳәм қуўанып,
Тасып, төгилип.
Күйип сүйиў керек,
Сүйип күйиў керек,
Керек емес
Қуры сыпайылық.
Қуры жөгилик.
Сүйиў деген ҳәм
Ҳәрекетсиз
нәрсе емес.
Ол—дәрья,
Ол—тасқын,
Ол—өмирге өзек
ҳәм мазмун.
Ўатаныңның,

Ўатанласыңның
Кемшилигин көрип,
күймей,
қыйланбай
Қалай турасаң?
Ақыры,
сен оның
Жақсы күнине де,
Жаман күнине де
гүўасаң.
Қуўанбасаң,
қыйланбасаң—
жүрегиң бершимек,—
Қатқан музланып.
Жасасын,
Жасасын ҳақыйқатшыл
қызбалық!
Тоқта кеўлим,
Тоқта қыялым,
Сен мына—
Футбол жанашырларына
Нәзер сал!
Соннан соң,—
Ўатан ҳаққында,
Адам ҳаққында,
Ықлас ҳаққында
қосық жазарсаң.
Қара ышқыпаз аламанға,
қара, көр.
Олар
Футболшылардың өзинен

Бесбетер қаратер.
Оларда
қыйналған,
қуўанған,
пишим бар.
Қыйналса—ғәзепли,
Қуўанса—сәл қалған
ушыўдан.
Неге келтирилди
бул мысал?
Неге екенлигин
сезип турмысаң?
Ўатанға,
Адамға,
Мәмлекетлик иске
солай—
Жан ашыў керек,—
Футбол ойыны күни
Стадионға,
телевизор алдына
Жанасқандай жанасыў керек.
Пасты алмаған,
топты,—
аяқ пенен қақшый алмаған—
футболшыларға
жаны ашыған
Жанашырлардай,—
Ўатан ҳаққында,
Адам ҳаққында
Толған,
күй, парт бол.



Күйе билмеслик те,
Сүйе билмеслик те—
күйик ол,
Дәрт ол.
Бизиң өтмиштеги бабаларымыз
Нанды әдиўлеген,
оны сүйген,
теберик еткен.
Мен ҳәм сондай,
Ана ўатанды,
Оның жақсы адамларын,
Оның гиясын,
Оның қуяшын
сүйемен.
Сүйемен
Жаўған нурларды көктен.
Ўатанға, ўатанласқа
жаны ашымаған—
адамның
керек емес
Узақ жасы маған.
Қайда барсам да,
Қайда жүрсем де,
Артық жер табылмас
Өз ўатанымнан,
өз үйимнен.
Мен—
Өз ўатаныма,
Өз халқыма,
Өз адамыма
Үйирмен!

# КҮН ШЫҒЫС МУҚАМЛАРЫ

* * *

Адамға шын дос керек
    Айтыўға өкпемизди.
Ҳәм таза кеўил керек
    Мөп-мөлдир көк теңиздей.

Ҳәм маған қосық керек
    Оншама жеңил емес,
Жеңили қәўпекилеў
    Етеди тек те бизди.

Арада шайырлар көп,
    Ҳәрқыйлы бирақ олар,
Биразы палызынан
    Түйнегин көклей үзди.

Ҳәрўақыт мен сыйынсам,
    Шайырға сыйынаман,



О, талант ийелери,
    Бийталант етпе бизди.

Генерал шайырлар көп,
    Көп тағы талабанлар,
Кәнекей биз ҳәм бассақ
    Жақсылар өткен изди!

*14-июль-1970.*

* * *

Жаўын жаўды деп айтарма
Жүп тамшы тамған менен.
Жақсы адам атанарма
Жасы уллы болған менен.

Қуяшқа қуры телмирип,
Жулдызларды менсинбесең,
Күйдирер қояр отына,
Қасына барған менен.

Ярды жулдызға теңеймиз,
Оның жолы жақын емес,
Жетпей-ақ қартаярсаң—
Жол жүрсең арбаң менен.

Сол жулдызға жетпек болсаң,
Қыялдай тезлик керек.
Ай үстинде гүл өнерме
Қыялға салған менен.

Теп-тегис жол болмаған ғой,
Ышқы дәртсиз болмаған,



Не бир ашықлар өтипти
Иши толы әрман менен.

Бийопаға ҳәмдам болма,—
Деп айтып кет Төлепберген,
Ҳақыйқатлық ҳешқашан да
Жолдас болмас жалған менен.

*5-март, 1970.*

* * *

Журтқа айтар ақыл қайда!
Ақылды қайдан табарман.
Ата-баба бәрин айтқан,
Нақылды қайдан табарман.

О сулыўлық дүньясы сен
Қамастырма көзлеримди.
Бўншама биихуш етесең!...
Қапыңды қайдан табарман.

Қанша айтсаң да жаман деп,
Туўысқанның бары жақсы,
Айтың дослар, ата-анадан
Жақынды қайдан табарман.

Қыялымда гөззал көрдим
Ақ жүзи Айдан зияда.
Ол мени әлле қайлардан
Шақырды, қайдан табарман.

Басқалардан бирнәўие
Тәўирлерди дос деп жүрмен.



Ертектегидей биихазар
Пақырды қайдан табарман.

Адамийзаттың баласы
Ҳәм урысып ҳәм жарасар.
Бәршениң кеўилин тапқандай
Гәпимди қайдан табарман.

*21-июль, 1971.*

* *

Әй, нигар, бийпәрўасаң,
Ҳеш илмейсең нәзериңе.
Сонда да сен түсерсең
Шайырлардың ғәззелине.

Сен өзиң мениң ушын
Сулыўлықтың сәрдарысаң.
Сулыўлықтың анасы
Әўел бастан қыз едиме?

Әлпетиңде әламат бар.
Уқсаслығың бардур сениң —
Татарлардың матурына,
Түркпенлердиң гөзелине.

Ушқыныш өтип кеттиң
Көз алдымнан кеше күндиз,
Көргеним анықпеди,
Я болмаса түс едиме?

Таўланған тал шыбықтай
Қәдди-бойларың азада.
Сулыўлықтың сиңлиси
Саўлатыңды дүзедиме?

*15-июль, 1970.*



* * *

Қәдди-қәўметиң келискен
Қозғаў салар қыялыма.
Сөз таба алмай бүлемен
Сықылыў-сыяғыңа.

Әй сәрўиназ, сен келерсең,
Жүрислериң жейран киби,
Жәўҳар көзиңди жайнатып,
Қара ояқ-буяғыңа.

Қәдемиңди қойған сайын
Гүллер ашылып ырғалар,
Шық сырғанар жүзлериңнен,
Ҳүсниң көрип жыладыма?

Алсаң егер нәсиятым:
Жылтыраўық затқа қызба.
Тек жылтырап көринеди
Шыны шийше қыяғыда.

Ҳүсниңди хатқа көшириў,
Әй нәзелим, қайда бизге,
Ол ўақта Төлепберген
Тез жетпейме мурадына.

*14-июль, 1970.*

* * *

Қанша жумыслар қарап тур,
Әй яранлар, бир басыма.
Қанша қосықлар арнадым
Ол нигардиң жылўасына.

Оны жулдызға теңеўге
Ҳасла ираўа көрмедим.
Қорықтым күйип кетерме деп,—
Қойсам оны күн қасына.

Мен оны сәрўиназ көрдим,
Инкар болдым иззетине,
Жүрген жолымды аз көрдим
Қылығыў-қылўасына.

„Сүйдим" деп бир сөз айтыўға
Жолларында себил болдым,
Дәртимди хатқа көширип
Таслап кеттим қурдасына.

Гүлдей ашылған гезлери
Өшпесин деп хатқа салдым.
Бәршениң көзи жетпейме
Жаслық мәңги турмасына.

*16-июль, 1970.*



* * *

Қаршығадай қыялланып
Нигар келсе гүлбағыма,
Қосығымды көркем етип,
Пәрўаз берер ырғағына.

Еки көзи—еки жулдыз,
Кейимеңиз гөне сөз деп,
Сол рәўшан турқлы дилбар
Айдың көркин урладыма?

... Өзге саўлат, өзге шырай
Шертип өтпес кеўил сазын,
Қасымда азмаз турғаның
Татыр көп-көп жылларыма.

Мен өзиңниң ашығыңман,
Мен кеўлиңниң пәрўанасы.
Сөзлерим қатты тас болып,
Кеўил—шийшең сынбадыма?

Бир қыялап қараўды да
Сонша қыйын ис көресең,

Меннен бурын жеткен барма
Сениң турған шыңларыңа?

Өзиңди көрмей, жолыңа
Қарай-қарай күним өтер,
Үлкен мазмун деп қарайман
Жалғыз жилўа қылғаныңа.

Я тәбият ағла сеннен,
Я сен ағла тәбияттан,
Усыншама шырай берген
Азияның дилбарына!



* * *

Қап-қара қаслар астында
Жәўҳар көзлер жаўдыраған,
Сезим толқынын тербетип,
Қатты қозғаў салды маған.

Жанды жүрегим от болып,
Өшириўдиң шарасы жоқ.
Мегзес болды, әй жоралар,
Қызып турған тандыр оған.

Көктеги күнниң қуяшы
Қамастырса көзлериңди,
Ал оның көрки алдында
Көп адамлар албыраған.

Бәрин сачаўға мўрса жоқ,
Айтайын екеў-үшеўин:
Бири Медет, бири Қайпан,
Бири палўан Әбдираман.

Бәри де сол гөззалдың
Көркин көрсе тәслим болар,

Мен өзим оның алдында
    Тик қәддимди дал қыламан.

Жүрегиңе жол тапсам деп,
    Ойланаман кеше-күндиз.
Ақылымды ҳайран етип,
    Жүрегимди шам қыламан.

Ҳәм оның сәўлесинде
    Сезимлеримди саралап:
Хоширей көркин оның
    Қосықларда қалдыраман.

*2-сентябрь, 1970.*



* * *

Кеўлимди көкке көтерер
    Бул үлкениң гүл лаласы.
Кеўлимди көктен түсирер
    Адамлардың муң-наласы.

Досларым, гедир-будырлық
    Жарасады тек те таўға.
Билмей айтылған сөзлердиң
    Болыў керек гилмаласы.

Ўақыт жүйрик арғымақтай,
    Атлығады алға қарай,
Жаслығым өтип баратыр,
    Жыллар, бүйтип зырламашы.

Иркилип турың азырақ
    Жумысым шала қалмасын,
Толырақ болып жазылсын
    Жаслығымның жылнамасы.

Қой, кеўилим, сабыр әйле,
    Ўақыт—жүўенсиз ат болар,
Иркилмейди ғой айтты деп
    Қарақалпақтың бир баласы.

*15-июль, 1970-ж.*

* * *

Желкилдесип көк гиялар,
Күн жарқырап ашылып тур.
Суўлар сылдырап салмада,
Гөззаллыққа қосылып тур.

Нәзериң сал саҳибжамал,
Нәзериң сал сумбылшашлым,
Әмиўдәрья ағыслары
Буратылып есилип тур.

Сүй нигарым тәбиятты
Сонша нәзик кеўил менен,
Қуяш нурын, жер гиясын
Ҳақ кеўилден усынып тур.

Мен гөззалға гүл усындым,
Наўбәҳәрдиң таза гүлин,
Ол нигарым қыял етти,
Билмәм, кимнен қысынып тур?

Тәбиятты сүйгенликтен
Әбдеи таза болар кеўил,



Гөззалықты танымаслық—
Адамзатқа ҳәсиликдур.

Ол гөззал өтти доланып,
Зорға сәлем берди бизге.
Байқасам: оның кеўлинде
Бир жәҳәндей кисилик тур.

Гөззаллық—уллы әлемдур,
Гүли көп, нағышы көп,
Жете билмес оған ҳәрким,
Төлепберген түсинип тур.

*28-апрель. 1970.*

* * *

Желкилдесип көк гиялар,
Күн жарқырап ашылып тур.
Суўлар сылдырап салмада,
Гөззаллыққа қосылып тур.

Нәзериң сал сақибжамал,
Нәзериң сал сумбылшашлым,
Әмиўдәрья ағыслары
Буратылып есилип тур.

Сүй нигарым тәбиятты
Сонша нәзик кеўил менен,
Қуяш нурын, жер гиясын
Ҳак кеўилден усынып тур.

Мен гөззалға гүл усындым,
Наўбәҳәрдиң таза гүлин,
Ол нигарым қыял етти,
Билмәм, кимнен қысынып тур?

Тәбиятты сүйгенликтен
Әбден таза болар кеўил,



Гөззалықты танымаслық—
Адамзатқа ҳәсиликдур.

Ол гөззал өтти доланып,
Зорға сәлем берди бизге.
Байқасам: оның кеўлинде
Бир жәҳәндей кисилик тур.

Гөззаллық—уллы әлемдур,
Гүли көп, нағышы көп,
Жете билмес оған ҳәрким,
Төлепберген түсинип тур.

*28-апрерль. 1970.*

* * *

Оҳо! Пушкин парнасына
Миңгим келип турыпты,
Шайыр шыққан таў басында
Турғым келип турыпты.

Лермонтовтың лирикасын
Лала гүлдей әлпешлеп,
Оның сүйген сыңғырлысын
Сүйгим келип турыпты.

Наўайының нәрўанына
Зәнги қойып шықсам деп,
Низамийдиң мектебине
Киргим келип турыпты.

Әжинияздың арыўларын
Қосығынан көргенде,
Бул Нөкиске зорға-зорға
Сыйғым келип турыпты,

Бул гөззаллық дүньясына
Бәркулла бийҳуш болып,



Ол ушын шийрин жанымды
Қыйғым келип турыпты.

Маржан киби дизилген
Сөзлерге зейним кеткенде,
Шатпақлап қосық жазыўды
Қойғым келип турыпты.

*8-сентябрь, 1970.*

# ПОЭМАЛАР

## ПЕРИИЗАТ

Тәй—тәбиң хош мүлайым, хош тахаллим,
хош әдеп
Зәйни—залым өңирине мәрўар мунаққашынь
безеп,
Әйни—аклымны алан әлгимдеги қалан сәдеп,
Ғәйни—ғамзең көқсиңе ярашады қуп әжеп
Пэ—пәреӊ румал тур гүл йузиңде гүл шәний

*Әжинияз.*

Әжинияздың исми де, қосық-
лары да мениң ушын әдиўли.
Оның усы бир шуўмақ қосы-
ғы мениң қосықларымның жо-
қарысында жулдыз болып тур-
сын.

*Автор.*

Жағалаған Әмиўдәрьямды
Бир жигит бар үлкен әрманлы.
Ол ҳәзирги жасларға усап,



Он-он бес жыл оқыды узақ.
Түнлер бойы китап ақтарды:
Гегель менен фейербахларды,
Аристотель, Птолемейди
Окып билди, дүнья кеңейди...
Ол илимге жаңалык косып,
Я болмаса ҳәмелге өсип,
Көпшиликти таңландырмады.
Ол еле жас. Турмыс қурмады.
Ол да журттай жумысқа барды,
Ара-тура сазлап дуўтарды,
Қонақ күтти, қонақ сыйлады,
Бирақ, оны әрман қыйнады...
Көркин айтып бәҳәр паслының,
Жақсылығын айтып жақсының,
Жақсы-саўлат, жаман—аманат,
Жер алағат, аспан алағат
Екенлигин жаны сезинди.
Жигит еди өзи сезимли.
Жаманлыққа дени түршигип,
Жақсылыққа жаны қулшынып
Туратуғын еди бәркулла.
Өз халқының дәстүр—салтын да
Сүйер еди жан-тәни менен,
Шын ықласы—бар ҳалы менен.
Бай мәкан деп пахта, салыға,
Өз журтының шапты арына.
Суўын—шыпа, шөбин—дәри деп,
Сүйе билсең сулыў бәри деп,
Сүйер еди сондай берилип.
Туўылған дер жәннет көринип

Турар еди нәзер алдында.
Үлкен әрман мәни бар бунда.
„Қуяш күлип турар төбенде...
Урысыўды билмей, егер де,
Жасағанда мына адамзат,—
Болар еди периштедей пәк“—
Деген нийет, деген ықласы,
Инсаныйлық пенен жупласып,
Үлкен әрман, үлкен мақсетке,
Мүшкил иске, мүшкил сапсетке
Шарлар еди жигит қыялын.
Ғаррылардың оған „Шырағым!“
Деп сөйлеўи баўырына тартып,
Бул дүньяның усыннан артық,—
Ойламады мазмуны бар деп.
Көкирегин қуўаныш көрнеп
Кетер еди—өзиниң елин
Мақтай ғойса биреўлер. Қолын
Абайсызда кесип алғандай,
Жақсы сөзлер зая болғандай
Көп қыйналып қалар еди ол,
Жанға егеў салар еди ол—
Ким түсирсе ел атына дақ,
Өз журтынан жанажанырақ
Басқа елди қыялына да
Келтирген жоқ. Көрди зиянда
Өз дәрьясын, тасып буркыўын.
Ҳәм туўылып өскен журтының
Таўығына төт дейтуғынды,
Ҳәм ийтине жит дейтуғынды
Көрер еди бәледен бетер.



Туўылған журт жанып тербетер.
Ол түсинди барлық ҳөнерин
Елде алып елге берерин.
Төкпеў ушын елдиң толысын,
Пүтин етиў ушын кемисин,
Ашыўланып әлле кимлерге,
Көп ойланды узақ түнлерде,—
Ийнинде бар жәмийет жүги
Усы елдиң хожасы киби.
Қыйнаса да қыяллар қатты,
Усыннан ол рәҳәт тапты.
Болық болса егине елдың,
Жигит көкке көтерип кеўлин,
Шар тәрепти шарлап қыялы,
Жасыл дөнип ояқ-буяғы,
Жүзи жанып, жүзи нурланды,
Таллар менен бирге ырғамды.

* * *

Ағып атыр буркып ағыслы,
Яки бойы ғайрынағышлы.
Жаўдыраған жасыл ғаўаша...
Оң жағына жигит қараса:
Ҳәм хоширей ҳәм хош қылықлы,
Бир перийзат киятырыпты,
Кеўли көкте, нәзәри көкте,
Тоқтар емес бул дөгеректе.
Сол арыўдың сол перийзаттың,
Алыс жулдыз сыяқлы тақтын
Әрман етти бираздан бери.
Қол жетпестей жулдыз пәмледи...

Буннан бурынлары, ертеде
Гезлессе де талай мәртебе,
Сол арыўға ашық болғанын,
Кеўилдеги арзыў-әрманын,
Айтқан емес аўызы жуўысып,
Өге берди күнлер жылысып..
Қыз қылығы көкейип кесип,
Көкиректе сезим сиресип—
Әрман болды иште толысқан.
Киятырған қызға алыстан—
Тәбияттың инамы болған,
Жас өмирдиң қумары болған—
Ашықлықты айтпаса ашып,
Ашлыққа болмас минәсип.
Жигит кести қыздың соқпағын,
Ҳәм қасына барып тоқтады.
Сәлем берип өтти ол пери,
Жигит жанын әбден өртеди.
Кете берди ол қыз иркилмей,
Жигит кеўли ушын бир күлмей.
Сәл еглен деп жигит сорады.
Қыз қыймады, қыя қарады.
Ҳәўир шашып турған саратан...
Сая болды бир түп қара тал.
Қара талдың көлеңкесинде,
Күн шыжғырып турған песинде,
Ең әдиўли әрман сезимин—
Алдында бул сүйген қызының
Ақтарылып айтты бирме-бир,—
Жүрегинде сақлап жүргенин.



* * *

„Сонша жасап жүрип өмирде,
Нур қуйылған емес кеўилге
Ашықлықтың нурынан жақты,
Оннан ағла мен ҳақыйқатты
Көргеним жоқ. Бахыт дегенди
Соның өзи деймен мен енди.
Жаратылыс маған бул сақый,
Ашықлықтай таза, илаҳий
Ўақытты ҳеш өтпеди инам.
Мен миннетдар боламан буған.
Өмир маған татлы қосықтай,
Тыңлай бергим келер асықпай.
Жақты дүнья сонша шырайлы,
Сонша татлы, сонша унайды!
Сени көрген ўағымда бетер
Дүнья жайнап, қулпырып кетер.
Мениң ушын әдиўли Ўатан,
Жети ықлым—бул жақты жаҳан
Өзиң менен толы көринер.
Татлы демлер, қанатлы күнлер
Қыялымды тербеп тур бүгин,
Ашығыңды сөйлетер бүгин.

* * *

„Желкилдеген желге айдары—
Бала едик. Ядымда бәри.
Сол күнлерди ядқа түсирип,
Азмаз әдеп сақлап қысынып

Жүрген балалықтың майданын
Айтқым келип жүрди ҳәрдайым.
Мениң арзыў-ҳалымды есит:
Сениң менен қумлардан көсик
Тергенимиз еле есимде...
Буларды мен гейде түсимде
Көрип жүрмен. Бирақ не пайда?
Созған менен қолыңды Айға
Жетпейди ғой. Буны билемен...
Сонда да мен қыял сүремен.
Өткен күнниң арзыў-тилегин,
Айт деп қыстар мени жүрегим.
Рәўшанын көрер көзимниң,
Маржанларын ишки сезимниң...
Бәрин, бәрин бермесем айтып,
Жаным мениң жай табар қәйтип!
Мениң жұртым, мениң елимде,
Жаслық қыялымның көгинде,
Сен жулдызсаң—сәўлесин сепкен,
Мен ашықпан жәбирин шеккен.
Саған бәрин айтып берейин,
Сол күнлерди қайтып көрейин
Ең болмаса елес арқалы.
Өзиң болдың кеўил гәўҳары.
Балалығың... қызық күнлериң,
Жипке моншақ дизип жүргениң,
Таўыс киби дөнип турғаның,
Ақ көйлекке енип турғаның—
Кеўилиме хат болып қонды,
Өмириме бир нышан болды.
Сениң сонша гөззал болғаның,



Жалғыз жанға тәжжал болғаның—
Маған аян. Басқалар билмес,
Жақын-жуўық, ашналар билмес...
Бәрин-бәрин ақтарсам саған,
„Бунша дәртли боларма адам!"
Деп айтарсаң, бәлким, ишиңнен.
Мен жалғайын гәпти үзилген.
Дәрт қозғаған көкирекгенемди
Бир босатып алайын енди!...
Айтпағанман сирә өзиңе,
Буның бәри сулыў шежире...
Жарылайын айтып шыныңды,
Саған болған ашықлығымды
Пайтын таўып айталмағаным—
Маған мәлим, өзиңе мәлим!

* * *

„Ҳо алыста көринген ҳүжим
Саўлат еди аўылға бизиң!
Жаздың ыссы саратанында,
Гүмгүм шөпке минген ўағында,
Қыр-дөгерек болып қапырық,
Шақалары самал шақырып,
Өз тилинде гүўлесер еди,
Самал менен тиллесер еди.
Жап бар еди оның қасында.
Ырашына оның асылған
Шырмаўықлар шөпке шырмалып...
Турар еди егин ырғалып.
Түйесиңир жағасын қоршап,

Боян өскен бойында, сол жап
Ағар еди липлеп толысып,
Ернек пенен зорға келисип.
Бойларында гүбелек ушар,
Ҳәм де дәрҳал көзлерге түсер
Жел тараған шөплер желкилдеп.
Келиншеклер барар төркинлеп
Жап бойынан өткен жол менен,
Орайпеги ойнап жел менен.
Мен сүйермен жаптың ағысын,
Көк қаплаған еки жағысын.
Жап бойына шыққанда сүйрик,
Бәҳәр пайтын қаншелли сүйдик!
Айналамыз жасыл кийинип,
Қуяш турар еди қуйылып!
Ауылымыз бөлек болса да,
Қашық емес еди оншама.
Көктен қуяш нурын төккенде,
Сүтилмеклер терип көклемде
Жүргенимиз есиңде барма?
Ағар еди айланып салма
Сизиң үйден бизиң үй бетке.
Салсам дедим оны сүўретке!
Балалықты ойнап тоздырдым...
Қызығын айт кешки мезгилдиң!
Келген ўақта шопан, падашы
Малды айдап, ауыл арасы
Болар еди бурқыған шаңғыт.
Намазшамның қызығы барлық
Келер еди мал менен бирге,
Араласып шаң менен бирге.



Туў алыстан маңыраўларынан
Қошантайдың даўысын таныған
Қой маңырар даўысы қарлығып...
Уў-шуў болып кетер барлығы.
Анасының сести қулақта—
Гүўенлеўли турған ылақлар
Талпынады гүўенди силкип,
Бирақ, гүўен қалады иркип.
Қой келеди қозысын таныр,
Ийискейди қасына барып.
Саған айтсам, соннан бери мен
Ҳайўанның да балаға деген
Туўысқанлық жанажанлығын
Ҳәм де мийирманлық барлығын
Сезип жүрмен. Бул сезгенлерим
Гөззал етер жанымды мениң!
Бирге өтти бизиң балалық,
Сен қыз болдың онда таранып.
Сол ушын да келмейди қыйғым.
Балалығым! Қаншелли шийрин!
Жаздың жадыраған күнинде,
Ақша қумның арғы түбинде
Дөнер еди дала иренге,
Усар еди ғалы гилемге,
Гүллер көзге түседи бирден.
Қызықсынып өрмелеп жүрген,
Жасыл дөнген ханның қызына,
Кеўил қойдық жылтылдысына...
Бир сапары аяқларыма
Тикен кирди. Сонда жаныма
Жақын келип кийттай қыйналып,

Өңириңнен илгешек алып,
Саўсақларың қыбырлап тийип,
Пүткил зейин, ықласың қойып,
Тикен алдың илгешек пенен.
Сесгенеңди сонда „Оҳ," деген
Кеўлим мениң қайталап турар.
Менде татлы сезим оянар.
Гүлдей таза жүзиң үлбирер,
Моншақ киби көзиң мөлдирер...
Жазда да өтип, келсе гүз кирип,
Болар еди салқын ызғырық.
Әжапамлар жоңышқа орып
Жүрген ўақта, жүўери қорып
Жүрер едик минип шертекке,
Шадлығымыз сыймай жер-көкке.

* * *

„Сениң турқың, сениң пешанаң
Кәраматтан дүнья жасаған,
Барлық сулыў, ҳасыл затлардан,
Гүлли, гүлли ҳақыйқатлардан—
Барлығынан қымбат бул нама,
Мейлиң тыңла, мейлиң тыңлама.
Жүзлериңди ашылған гүлдей
Сағындым мен, сағындым бирдей.
Кеўилиме буйтип қонарма!..
Тәрийпиңди айтып боларма
Тек сөзлерге жылтылды берип.
Бүгин сениң турқыңды көрип
Толқып турман мине алдыңда.



Мени бунша дәртке қалдырма.
Татлы қыял сүрип карасам:
Көз алдымнан өтип барасаң—
Жазықлықты кесип ушқынып,
Көрмегенге көрген түс кылып,
Ҳүрдиң қызы киби доланып,
Тал шыбыкка мезгеп буралып.
Талай ирет ендиң түсиме.
Түсимди де баска кисиге
Айтпағанман тис жарып ҳасла.
Өзим билдим, билмеди басқа.
Өзим күйип, өзим ашындым,
Өзим күлип, өзим мәсирдим...
Сени көрип көклерге өстим.
Әсиресе сыңғырлы сестиң
Дәртке дәрман десе болады,
Арзыў-әрман десе болады...
Есигиңнин алды өзгеше,
Ийне табыў мүмкин излесе
Ақшам айдың жарығы менен.
Ал, сен қыйнар қылығың менен
Жигитлердиң-кәддиң дүзедиң
Гедир-будырлығын гүзедиң.
Жаныктырып жанды тербедиң,
Байрам болды жүрген жерлериң.
Жүрекке дәрт, кеўилге ядсаң,
Бойларыңнан табылмас нуқсан.
Азадалық шашылар жүзден...
Ийнинизге төгилип түскен
Мойылдайын қара шашларың
Ҳәм қап-қара қыйқаш қасларың

Қанатындай қустың қыйылған.
Ҳәм де жаўыз ҳәм де мийирман
Көзлеринди айтсам от киби:
Мөп-мөлдир-аў! сирә жоқ мини.
Нур киби жүз, суў киби зейин...
Ал усыған енди не дейин!
Қарап турсам: көзлериң жарақ,
Қаймықпасаң-қыйып түсежақ.
Сонда сениң көз қарасларың
Айтып берип турғандай бәрин,—
Арыўлықтан, пәкликтен сөйлеп,
Жолларына гүлнағыш ой деп.
Тек өзиңди соншелли сүйдим!
Соншама наз, соншелли қыймыл,
Қыйылған қас, нәзериң алмас,
Жанымды алып жайына қоймас.
Сылап-сыйпап өрилген шашың,
Сол қап-қара көринген шашың
Толқынланып ийниңнен түсип,
Буратылып белиңнен қушып,
Гөззаллыққа дөгерек толып,
Майысқан наз, сыңғырлы болып
Жүргениңде жәннәт қушақлым,
Бир пәрийге сени усаттым.

* * *

... „Сол күнлерди ойлап көриңиз:
Қонар еди қара үйиңиз
Шайқатылған терек астына,
Қуп жарасып бәҳәр паслына.
Жасыл кийип, жасыл оранып,



Қолларына түйиншик алып
Шығар еди анаң отаўдан—
Өримлери етекке қаўған...
Жас ўағында анаңыз гөззал
Қыз болған ғой: сымбат-пишини
Айтып берер маған усыны.
Қыста жыллы қуўысқа шығып,
Көрпе сырып, бөз көйлек тигип,
Шарқ ийирип, шығыршық таўлап,
Жоғын жоқлап, көзи жасаўрап
Отырғанын бир көргеним бар...
Бала едим ойынға қумар.
Ҳаял еди анаң кәйўаны,
Жүзи жарқын, жүзи жайдары.
Ўақты-ўақты ашып аршаны,
Ҳәйкел түйме, өңир моншағын,
Қызыл жегде, киймешеклерин,
Шашақларын услап түрмениң—
Көрер еди қалдырмай бәрин,
Еске алып қыз болғанларын...
Қызларына айтып ақылын,
Дузиў жүриўлердиң мақулын
Түсиндирип қояр жай ғана.
Үйир болма дейди айнаға.
Сәжде қылып, намазға уйып,
Ойнап келген ақлығын сүйип
Отырғанын көремен үйде.
Өңиринде нағышлы түйме
Барып-келип қозғалар еди.
Гей ўақлары сөз барар еди
Мениң ата-анам жөнинде,

Мүтәж екенлиги келинге.
Әжапамның сондай бийҳазар,
Бир кудадан тилеген нашар
Екенлигин айтып отырар,
Кеўилимди өсирер булар.
Көзге ысық әкең дийдары,
Айтпас еди сөзди биймәни.
Айтсам оның сыртқы пишимин:
Қайыр-сақаўатлы кисиниң
Турқы болды сениң әкенде.
„Пәриштедей адам екен" деп
Айтқанларын еситтим журттың.
Ол ўақлары устинде қырықтың
Жүрген шығар деймен ол киси.
Көз алдымда еле түр-түси...
Қайда барса сый кәреди ол,
Үлкен менен үлкен еди ол,
Киши менен киши еди ол,
Әне сондай киси еди ол.
Қарап көрсең оның турқына,
Киси екен дейсең буркыған.
Отырыспа, мерекелерде
Бәрҳа орны бар еди төрде.
Турар еди көзи күлимлеп,
Жүзинде бар ийман, мүриўбет.
Тыңлап турсаң-аққан шежире,
Қыйыстырып айтқан сөзине
Әтирапы силтидей тынар,
Кем кеўилли кемпирлер жылар.
Китаплардан мысал келтирип,
Отырады үйди толтырып.



Әке-шешендеги жақсылық
Кеўилимди мениң тастырып,
Асқар таўдай сездим өзимди,
Дүнья маған жәннет сезилди.
Адамдағы буншелли мийрим
Қанша жаным! Қаншелли шийрин!
Кеўиллердиң бундай ҳәм ашық,
Сақыйлықтың жүзге жарасып—
Турғанлығын айтсаң—қуўансаң,
Жақсылықты қәйтип қыярсаң!
Адамлардың бундай кең қушақ,
Жақсылықтың ҳасыл, зер қусап
Жарқыраўы—жанның сәулеси.
Буның бәри, буның ҳәммеси
Гулжайнатып кетти жанымды,
Мүшкил етти және ҳалымды...

* * *

„Сен көп ендиң мениң түсиме.
Сениң көркем көринисиңе
Шайда болып жүрген боламан,
Сен күлсең, мен күлген боламан.
Бир тамаша түс көрдим быйыл:
Көп адамға толыпты үйим.
Қатар-қурбыларым жыйылып,
Шетиректен қызлар қыйылып,
Мени көрип қутлықлап атыр,
„Он тоғызға шықтық" деп атыр.
Бир ўақлары кирдим ишине.
Исенбестен көрген түсиме:

„Өзлериңиз жас болып кетип,
Бизге үлкен жас берип кетип,
Қалай болды калдырғаныңыз?
Бизди қасыңызға алыныз"—
Деп атырман. Сол ўақта баслық:
„Үстиңизде турыпты жаслық.
Қәте санап жүрген қусайсыз,
Он сегизге шықтың үш айсыз...
Қоян, жылкы, жылан, барыс" деп,
„Жигирма бес сизге алыс" деп,
Санап берди жасымды мениң,
Жолым әбден ашылды мениң.
Бир ўақлары дәрья көринди,
Ийниңизге таслап өримди,
Жүр екенсең жалғыз жағыста,
Қайырылмайсаң сонша даўысқа.
Дәрья тасып толкып турмақта...
Сен тик жарда турып бир ўақта
Былғағандай болдың орамал.
„Тоқта! Ҳәзир жүзип бараман!"—
Дедим бирден. Сөйттим де жылдам
Бирин-бири қырғаққа куўған
Толқынларға гелле таcладым,
Көз алдымда көз қарасларың...
Мени буйра толқын тербейди,
Мен ықлайман, толкын өрлейди.
Қолым менен иреймен келип,
Оннан сайын толкынлар толып,
Биринен соң бири келеди,
Қосылысып ириленеди.
Бул толқынлар сырттан көргенге—



Бир сулыўлық екен тербелген.
Бирге болсаң толкынлар менен,
Мийиң зеңип, солкылдар екен,
Сөйтип әбден қыйнайды екен,
Бир дәрьяға сыймайды екен"
Деп атырман сонда ишимнен.
Мениң бул ойымды түсинген
Жан жоқ сирә. Айланам айдын.
Сеннен баска жүзи ширайдың
Көринбейди. Тастай қараңғы;
Көриў қыйын адам адамды.
Көзим көрмес, қызық, қараған,
Саған бир гүл үзип бараман
Деп ойлайман. Әтирап боп-бос,
Көзим көрип, колларым жетпес...
Гүллер менен барады кашып.
Бираз ўакка дейин адасып,
Өлип-талып жағаға шықсам;
Көринбейсең, орныңда жоқсаң.
Излеп жүрмен сени жағыста,
Көп қарайман пәтли ағысқа:
Дәрья тасып буркып турыпты,
Суўын шашып, бүркип турыпты.
Бираз ўақыт жағада жүрдим...
Көзлериме көринди бир гүл.
Сениң ушын үзейин деймен,
Өңириңе дизейин деймен.
Көз алдымда қус киби қонып,
Ҳәм перийзат кәддине енип:
„Мен едим ғой... үзбегил" дейсең,
„Сени сонша изледим" дейсең.

Таң қаламан ҳәм деймен: қызық...
Үзгенимде, жанынды үзип,
Тәбиятты жылатар едим,
Онда өзим гүнакар... едим.
Үзбегеним – бахтым бул менин,
Бул гөззалды көрип жүргеним—
Қуўанышым деймен куўанып,
Сен турасаң назлы бурылып.
Мен услайман кушыўды гөзлеп,
Сен турасаң ушыўды гөзлеп,
Таўланасаң тажыңды кийип,
Сонда сениң жузиңнен сүйип,
Жузлериңе қайта карасам,
Қуяш болып жанып барасаң...
Мен оянып көзимди ашсам,
Сәске болып кетипти қашшан.
Түс дегениң изсиз дөңгелек...
Әйнегимнен куяш өрмелеп,
Түскен екен мениң үстиме...

* * *

„Нуры менен жанды жылыткан
Ҳақыйқатты айтып турыппан.
Ҳақыйкатка ҳақыйқат душпан
Болған емес. Болмайды ҳеш ҳәм.
Ҳақыйқаттың жаўын жек көрмек—
Мына аспан асты көп-көмбек
Түсин жойылтпай жадырап турса,
Кулпы дөнип әтирап турса,—
Деген жақсы нийет сәўлеси.



Жүрек дәрти, жүрек зердеси
Төгилип тур алдында сениң.
Бүйтип жанып жаңғырмас едим
Сени бурын көрмегенимде,
Билмес едим сүйиў деген не.

Қызық екен бул жаратылыс:
Бир қолда гүл, бир қолда қылыш
Услап турған сыяқлы мудам,
Байқадым мен, сөзиме инан.
Биреўлерге биреўлер күлип
Жүреди ғой. Жек көриўшилик
Сонша күшли, соншама қозлы
Екенлигин жан дүньям сезди.
Бирак, сени сүйгели берли,
Жаным сезди. Көзлерим көрди:
Адамдағы сүйкимлиликтиң,
Сол мәртебе ҳәм сол бийиктиң
Әбден күшлилигин сезиндим.
Ол алдында қарар көзимниң
Сәнем болып жасана берди,
Әлем болып жасана берди.
Хоширейлим, көркиңди катқан
Барлық ўақта билемен ядтан.
Жалғыз өзиң салтанат болып,
Көз алдымда перийзат болып,
Көринесен. Жыллар өтсе де,
Қанша көклем гүлин төксе де,
Сениң сестиң, сениң нышаның,
Сениң турқың, сениң мысалың
Умытылмас, ғайбана болмас.
Сени сүйген бай ғана болмас,

Қыялына ол патша болар,
Ақыл-ҳуўшын жоғалтса болар.
Сени көрип, сени сүймеген...
Ойы артық болмас түймеден,
Сана-сезимлерге тарығар.
Айтарым көп, айтсам бәри бар.
Мен еслеймен бәрин бүгинде:
Жадыраған жаздың күнинде
Арқа бети аўылымыздың
Жаўын алған көзлеримиздиң,—
Жайнап турған жазықлық еди,
Хоширей көрк, нәзиклик еди!
Айтайын мен тағы да, онда
Ырғалысқан онда ҳәм солда
Өсер еди ақ тал шайқалған.
Көркемликти қәйтип айтарман!
Қуслар өтсе қанаты сызық,
Сонша сулыў ҳәм сонша қызық—
Болып көринеди бул майдан.
Тәбияттың демин таңлайман...
Сулыўлыққа сондай куштарман.
Өтер еди мына туслардан
Сизиң жүретуғын жолыңыз.
Сол жазықлық ҳәм сол көринис
Өзиң өткен ўақта салланып,
Дөнер еди және жанланып.
Қызыл шаршың ғыжлап желбиреп,
Гүмис сырғаң ойнап мөлдиреп
Өтер единң. Бәри ойымда
Куп келискен қәдди-бойында
Қаншама наз, қаншама қылық!



Жүзлеринде нур-сәўле сынып
Ҳәм ойнайды мөлдир шық пенен,
Бир сүйкимли жарасық пенен!
Жадырайды көктен күн күлип.
Жүрисиңнен зәрре иркилип—
Турар едиң—алса еркиңди
Жасыл шөплердеги мөлтилди.
Бир нәрселер есиңе түсер,
Гүл лалазар көзине түсер.
Жүрсең жүрисиңди нур қылып,
Жазық дала турар кулпырып,
Жаным сезип, көзим көрип тур,
Қәдем қойған сайын дөнип тур.
Көрсем сонда сениң турқыңды,
Баўрым гирян, баўырым қырқылды.
Гүлгүл дөнип қарап турғаның,
Қыялланып кәдем қойғаның,
Буның бәри бирге қосылып,
Өсимликтиң бойын өсирип,
Жибермеспе дегеним есте,
Көрсем сени азанда, кеште.
Жүргениңде соқпаққа түсип,
Аяғыңды көк шөплер қушып
Қалар еди шетте желкилдеп,
Жапырағында шықлар мөлтилдеп.
Мөлдир тынық шәшмени көрип,
Жер жасанған кестени көрип
Зейин ашып атсаң адымды,
Шашың тарар желлер жағымлы.
Талай ирет, талай сапары
Жазықлықтың айғабағары

Ғыжлап жанып турғанын көрдим—
Қуяшында ңамазлыгердиң.
Шырамытсам оны сенбе деп,
Ойым екен қуры ағгөдек.
Сол бир сүўрет, сол бир көринис—
Бизиң ойнап өскен жеримиз.
Сол көринис есиме түссе,
Көз алдыма көркемлик дизсе,
Көк шөпликтиң көркине енип,
Тaўыс киби тамылжып дөнип,
Арман барып қайтып өткениң,
Татлы қосық айтып еткениң...
Сол жағымлы, сыңғырлы даўыс
Кеўлиме—нур, кеўлиме—нағыш.

* * *

„Қандай гөззал мына тәбият!
Оған сирә бир нәрсе зият
Қойылмаған. Ҳәммеси саррас.
Адам бирақ, тәриплей алмас...
Әтирапқа нәзер сал сен бир,
Гүллер таза, аспан ҳәм мөлдир.
Салмадан суў сезилмей ағар,
Әне, қулын!—қулдырап барар.
Әтирапқа саламан зейин;
Қызыл тикен шеңгелге шейин
Гүл шығарып жазда жасанар.
Гөззаллықтан кеўил йош алар.

Мынаў турған жулдызлы аспан
Жеткизбейди қолымды созсам.



Сен жулдыздай жоқары болдың,
Өмиримниң бәҳәри болдың.
Жулдызларға түссе нәзерим,
Мен еслеймен турқыңды сениң.
Сөйтип мениң дәртим қозғалар,
Жисмим жанып, жисмим қоз болар.
Мен өзиңди ойлап турыппан...
О, перийзат! Сени умытқан
Бул дүньяны умытар деймен.
Бул сөзлерим жылытар деймен
Жүрегиңди сениң, сүйгеним,
Көзи қусап ҳәтте ийнениң
Сениң кеўлиң ашылса маған,
Соған-ақ мен ырза боламан.
Жулдыз болып жаслық өмирге,
Жүрегимниң түпкирлеринде
Татлы әрман болып ояндың.
Көринесең сулыў қыялдың
Шамшырағы—сәўлеси болып,
Өмиримниң ҳәммеси болып.
Жадыраған жазлы, бәҳәрли—
Мына шексиз жақты жәҳәнды
Мен перийзат ҳалында көрип
Ҳәм өзиңди жанымда көрип—
Жүргим келер мына дүньяда.
Енди мени артық қыйнама.
Бирге жасап, бирге қартайып,
Әўладларға ертек айтайық.
Бул өмирдиң татлы боларын,
Онда сонша жақты боларын,
Өмиримше айтып жүрейин.

Сениң турқын, сениң ҳүрейиң
Көзлеримниң алдын толтырып,
Гүңгирт түстиң бәрин өлтирип,
Гүлге түскен шықтай жылтырар,
Айланамның бәрин гүл қылар...
Буның бәрин көзлерим қыймас.
Мен усыннан рухый пәрўаз—
Алып көкке көтерилермен.!
Салынса да қаласы зерден,
Басқа журтлар ўатан болалмас,
Басқа гөззал толғандыралмас—
Кеўилимди бүйтип нағышлап,
Маған бунша шадлық бағышлап.
Өзим ҳәзир таўды арқалап,
Басқа жерге апарып қалап
Қоятуғын күшке ийемен,
Себеби: мен сени сүйемен!"

*Хожели—Ялта—Нөкис,*
*1969—1973-жыллар.*

## АЙСӘНЕМ

Муҳаббат—бул ески нәрсе,
бирақ та,
Ҳәрбир жүрек оны жаңартар.

*Ҳ. ТАХТАШ*

Муҳаббат-бул қәдимги нәрсе,
Бирақ оны әдиўлер бәрше.
Муҳаббат-ай көринген уштен
Сәўлеси шар тәрепке түскен.
Айға усап ол да толысар,
Нур-сәўлеси әлемди қушар.
Муҳаббат—бул сезим шәшмеси,
Ағар тынбай ертели кеши.
Бирақта ол қалай ағады,
Ҳәм өз жолын қалай табады?
Мәселениң усы жағына
Мен айланып келдим тағы да.
Көп китапты үйде сақладым,
Бәринен де жуўап таппадым,
Қызығымды мениң сорама,
Күнде бардым китапханаға,
Сол жердеги қызға бир күни:

(Бул ўақыя болды күлкили),
„Барма,—дедим,—ышқы уставы",
„Мынаў ғой" деп мурынын услады.
Соннан бери салкын саяда
Жазыла берди усы поэма.

* * *

Суўлар липлеп жап-салмаларда,
Ағып атыр кең далаларға.
Аққан ўақта суўлар сылдырар,
Аққан ўақта суўлар жылтырар.
Күлимлеген қуяш нур төгер,
Төккен ўақта шырайланар жер.
Елпип-елпип еседи самал,
Ескен ўақта тербеледи тал.
Кең далада турып қулақ түр:
Гүрилдейди тынбай трактор.
Желкилдесер жел менен көк шөп,
Әлле қайда шақырар әтшөк.
Әне тоқылдаўықтың сести
Даўысындай шөккиштиң мисли.
Ермеклейме я ол устаны?
Түрли гүбелектиң ушқаны
Жарасықлы жоңышкалықта.
О, тәбият не деген пухта!
Гей гүбелек пәшек гүлиндей,
Көк шөпликте турар билинбей.
Гүбелектиң түрлери азба,
Гүбелек деп жүргениң базда
Болып шығар пәшектиң гүли.



(Мен алданған едим бир күни).
Қой ҳәм ешки көк шөпке ҳәўес,
Отлакларда пытыр-пытыр сес.
Қозышақлар жүреди мөмин,
Отлап-отлап алады демин.
Күн шыжғырған түсте де бирақ,
Шошаңлайды секирип ылақ.
Қарамастан ыссы қуяшка,
Тентек теке турып ырашта,
Әтирапқа шекелеп қарар,
Пәске түсип ойнақлап алар.
Қандай жақсы қойлар қозылы,
Қандай жақсы бәҳәр сезими!
Нелер сезбес сениң жас жаның,
Қандай жақсы бәҳәр ақшамы!...

* * *

Әне усы бәҳәр паслында,
Айсенем қыз—сүмбил шашлым да
Кәмалына келе баслады.
Бир қыялап нәзер таслады.
Аякларын жерге жай басып,
Еркек көрсе араны ашып,
Жүрди, лекин өзи аўлақта.
Қарай берди жигитлер жаққа.
Қарай берди Айсенем урлап,
Көзи жайнап, жүзлери нурлап.
Ол терекли аўыл қызы еди,

Шашын сыйпап, кәддин дүзеди.
Кәддин ақ терекке мегзетип,
Қәдем қойса гүллер ержетип,
Қәдем қойса жилўа наз бенен,
Бүлбил сайрар хош ҳаўаз бенен.
Ол қыз сулыў еди соныңдай.
Суўда жүзген көлдиң қуўындай
Жүрер еди кәддин көтерип,
Көлеңкесин қыялап көрип.
Қыздың кеўли—дәрья буркыды,
Меруўерт тисген шыққан күлкини
Еситкенлер „ким?“ деп сорасты,
Солай етип сөзге жол ашты.
Суўға шөккен айдай дирилдеп,
Әрманларын айтты биримлеп,
Ашықлықтаң гәпти қозғады,
Қыза берди ышқы қозлары.
Хош қылықлы қыздың минези,
Хош қылықлы қыздың бир өзи
Көп жигитти дәмедар етти,
Жүреклерде ышқы дөретти.
Ғош жигитлер оған қарасқан...
Саўлатына шайы жарасқан
Назлы нигар еди Айсәнем.
Үйден шығар еди Айсәнем...
Буратылған шыбықтай сыйдам,
Қәдем қойып салланар бийғам.
Туўры карамайды ҳеш кимге,
Ойнақшыған көзлер үстинде
Қаслар қарлығаштай мысалы,
Аңлатады шадлық нышанын.



* * *

Сабыр деген жигит бар еди.
Гүл жүзине ол қумар еди
Аўылласы Айсәнем қыздың,
Жамалына Шолпан жулдыздың
Телмиргендей телмирсем екен,
Ашықлықты билдирсем екен,—
Деген тилек бар еди онда,
Қызға аҳыў—зар еди ол да.

* * *

Қас карайып, ымырт жабылды.
Айландырды тағы Сабырды
Шийрин ойлар, шийрин қыяллар.
Айсәнемге сондай интизар.
Ушырасып Сабыр иңирде,
Жүрген болар екеўи бирге,
Сабыр сонда „сүйемен“ дейди.
Уялады, қыз үндемейди.
Қыз уялып төмен қарайды,
Шашын услап бир қыялайды.
...Ол қыз бенен ўәделеседи.
Өткереди заўықлы кешени:
... Ушырасты мине кешқурын.
Көкирекке түскен қос бурым
Ақ көйлекке әбден жарасып...
Сәўбетлесер шийрип сыр ашып,

Айсәнем қыз турды буралып,
Ақ сийнеси Айдан нур алып.
Сәўле ойнар ақ тал астында,
Сезимлери еки жастың да
Сәўле яңлы суўда ойнаған...
Толқынланып турады мудам.
Әтирапқа ай нуры түскен,
Бағ шайқалып, сыбырлар иштен,
Айсәнем қыз Айдан нур алып,
Қолларына қызыл гүл алып,
Аяқларын қояр жай ғана,
Сүттей жарық еди айлана.
Суў жылтырап сылдырап ағар,
Оны көрип кеўил қуўанар.
Суў бойында сәўбет қурады,
Қыздың қолын услап турады.
Нәзик белден қыспақшы болса,
Қыз келисим бермейди онша.
Қызды қушып сүймекши болар,
Қыз қушақтан қашып жырылар.

* * *

Әтирапқа бәҳәр гезеди,
Айсәнемниң ақыл-ҳуўшы лал,
Қыздың кеўли нени сезеди?
Шайқалады сырлы қара тал,
Айсәнемниң ақыл-ҳуўшы лал.

Қара таллар сыбырласады.
Айсәнемге олар не айтар?



Шымшықлар да жуғырласады,
Жуғырлысын әбден молайтар,
Айсәнемге олар не айтар?

Жап жағалап жүрипти бүгин,
Ҳеш ким бөлмес оның ойларын,
Жоғалтқанба яки жүзигин?
Неге гезер жаптың бойларын?
Ҳешким билмес оның ойларын.

* * *

Бийпарўалық бойда жоқ енди,
Жақсы көрер жалғыз жүргенди.
Шийрин ойға шүмеди жанан.
Ойнап өссе ойыншыл самал,
Сондай сулыў талланған үштен,
Аш белине қуйылып түскен,
Қыздың сыйдам жипек шашларын,
(Жақсы-аў қыз баланың жас ўағы!)
Арман-берман жулқып өтеди,
Орамалын желбиретеди.
Ойнап ескен шоқ минез самал:
„Неге сениң ақыл ҳуўшың лал?
Бурынлары мендей шоқ едиң,
Сени көрип ессем деп едим.
Сыңғырлаған сениң сестиңдей,
Сес жоқ шығар деймен ҳеш кимде.
Сол ушын да мениң әрманым:
Сыңғырлап күл. Күлкиңди жаным,
Жеткерейин сәўер ярыңа,—

Шын ашығың—қарыйдарыңа.
Сен де шоқ бол, жеңил бол мендей,
Маған усап ойна „дегендей,
Желбиретип көк орамалын,
Алып қашпақ болар қыялы.

* * *

Аўыл қызы арыў Айсәнем
Ойнамайды шоқ самал менен.
Жалғыз барса жаптың бойына,
Әлле нәрсе түсер ойына.
Сыңғырлаған суўдың сеслери,
Толқынлардың тербелислери,
Шар тәрептиң жадырағаны...
Бар сыяқлы бәринде мәни.
Ғыр дөгерек қулпы дөнип тур,
Көзге ысық гүл тербелип тур
Қызыл шалғыш тартқан бир қыздай.
Айсәнем қыз-гүлге қарады,
Гүлге қарай жүрип барады,
Қыздың қыйқаш қасы қыйылып,
Үзип алды гүлди ийилип.
Баўырына басты да әстен,
Ҳәм Сабырды түсирди еске...

* * *

... Салқын тартқан айдын кеш еди,
Ай сәўлесин жерге төседи.
Ғыр-дөгерек бөленген нурға,



Келген еди Айсәнем суўға.
Жап бойында қатара таллар
Ағын суўдың ағысын барлар.
Жап бойында жалғыз түп гүжим
Бул ағысқа қылғандай тәжим,
Ушын малып турыпты суўға.
Айсәнем қыз усап ақ қуўға,
Таўып жаптың жайпаўыт жерин,
Шалп еттирип малды шелегин.
Сонда биреў „Айсәнем“ деди,—
Ойнап кетти қыздың жүреги.
Жаздырылды шелеги қолдан
Жаңа ғана шүмпилдеп толған.
Жалт қарады сес шыққан жаққа.
Суўшы Сабыр әне сол ўақта
Жүрген екен паналап талды,
Айсәнемге бөлип қыялды.
Ол жанына жақынлап келди.
Ғошшақларша шаншып белди,
Айсәнемге ҳешнәрсе демей,
Түсип кетти жапқа шешинбей,
Ҳәм суў келди бел буўарынан,
Ҳайран болды Айсәнем оған.
Ҳәм жигитке көзлерин тикти.
Жигит суўға шөккен шелекти
Ала сала қызға усынды.
Ал қыз төмен қарап қысынды.
Қызға қусап қарамай төмен,
Еркекке тән мақтаныш пенен,
Белин дәрҳал қолына а́лып,
Айсәнемге бир зейин салып,

„Мен... Айсәнем.... Айсәнем...“деди.
Ал Айсәнем дым үндемеди.
Қолға услап ийин ағашын,
Қыя бақып, қыйылтып қасын,
Турды бираз не дер екен деп,
Айт дегендей сыбырлар терек.
Бирақ жигит даўам етпеди.
Айсәнем қыз батыс беттеги
Жаптың бийик ырашы менен
Жөткиринип ырасы менен,
Ҳаса услап ол киятырған—
Бир ғаррыны көрдиде жылдам,
Ийин ағашын ийнине салып,
Жуп шелекти илдирип алып,
Кете берди үй тәрепине.
Сабыр жалғыз турыпты мине,
Еки қоллап белге асылып,
Айсәнем қыз барар асығып.
Ҳәр адымын атлаған сайын...
(Мен тәрийпин қәйтип жазайын)
Айдың аппақ сәўлеси менен
Айдай жылжып барар Айсәнем.
Паҳ десең о жүриси қандай!
Қуслар қонып майысқан талдай.
Бир ырғаққа түсип шайқалар,
Шелегинде суўы шайпалар.

* * *

Дым қызық-аў дүньяның иси;
Бир гөззалдың жалғыз күлкиси,



Көз қарасы, жилўа қылығы,
Оның әдеп сақлап турыўы,
О қаншама ғошшақ жигитти
Ышқы отына грифтар етти.
Бий кемпирдиң шыррық баласы
Жүрди бәрҳа қызға таласып.
Ҳалек болып жүрди не деген!
Сулыў сөйлеп әдепленбеген,
Болсадағы қызды көргенде,
Минезлерин өзгертип демде,
Аяқларын басар абайлап.
Сулыў сөзден гүл дәсте байлап,
Сөйлегиси келип турады,
Қызды алыў мақсет—мурады.
Агроном, ана тақылдақ,
Бара берер қызға жақынлап.
Ол аўылға ҳәр келген сайын,
Көрмек болып қыздың шырайын,
Айсәнемниң қасына барып:
„Қарындасым, қалмаңыз ҳарып“
Деп ақырын сөзин баслайды,
Марапатлап кеўилин хошлайды.
Жумысында кемтик болса да,
Бирли ярым пахта солыса да,
Тийип кетип өткир орағы,
Ҳеш билмеген киси болады.
Аўылдағы сары шешейдиң
Баласыда быйыл есейди.
Тракторын зытқытып айдап,
Қызға нәзер салады жайлап.
Сөзге тутып сәрдар жеңгесин,

Айтар оған жүректиң сөзин:
„Жеңге, мениң сөзиме инан,
Айсәнемниң шын ашығыман,
Әрманым жоқ сол қызға жетсем,
Көз илинип уйқыға кетсем,
Түслериме енип шығады.
Ол дәртимди қалай уғады?
Айсәнемди ойлайман ҳәр дем.
Жеңге, маған берсеңиз жәрдем,
Мен рийза болар ем саған,
Ол уақытта бул шадлы заман
Болар еди әбден шырайлы.
Алған яңлы аспаннан Айды,
Қуўанар ем жеңгежан, жеңге,
Усындай ой болып жүр менде.
Айтшы жеңге, айтшы шыныңды,
Айсәнемге ашықлығымды
Билдирермен қалайша, қәйтип,
Қәне, жеңге. бериңиз айтып...“
Жуўап берер жеңгеси сонда:
„Қыз жүреги емес ғой колда,
Бул заманда қыз деген қәйним,
Сондай еркин. Сен ашық-айдын
Кеўлиңди баян етип көр.
Соннан кейин ол бир нәрсе дер.
Сөйлескениң абзал ғой өзиң.
Оның жумсақ жипек минезин,
Жақсы көрип жүрген жигит көп,
Мен көрейин қызды үгитлеп.
Бирақ, қәйним не деген менен,
Үгит сөзге ермес Айсәнем,



Мине деген муғаллимге де
Жөнли жуўап бермепти еле.
Айсенем қыз ашық минезли
Көп жигиттен жағымлы сөзди
Көп еситип жүрди. Бирақта
Бир сөз ғана қалды қулақта.
Бул сөзди ол „сүйемен“ деген
Көп жигиттиң шийрин сөзинен
Артық көрип жүреди өзи,
Мыйық тартып күледи өзи.
Айсәнемниң пикир, қыялы
Мудам сол бир сөзде болады.
Бул „Айсәнем“ деген сөз еди.
Қыз жүреги жақсы сезеди
Сол даўыста әжеп сыр барын,
Жүрек барын, жақты нур барын.
Удайына, ҳәр бир адымда,
Сол бир даўыс болар ядында.
Сол бир даўыс аңлып қулақты
Еситилип турған сықлы.

* * *

Жайнап өскен бәҳәр гүлиндей,
Қыз кеўлинде әсте билинбей
Муҳаббаттың нәзик гүллери.
Қыял қуўып өтер түнлери.
Түн. „Сабыр“ деп гүбирленеди,
Түн. Сабыр деп соғар жүреги.
Қорқынышлы болса түслери,
Жалғыз ғана Сабыр излери,
Ол түсинде бәле-қададан

Айсәнемди қутқарар мудам.
Егер көрсе оны оңында,
Ушыратса жүрген жолында,
Шала-шарпы сәлемлесиўден,
Өтип кетер шаққанлық пенен.
Гейде төмен нәзерин салып,
Қыя карап турар уялып.
Оны гезлестирген гезинде,
Ешейинде айтар сөзинде
Умытады не дерин билмей.
Қызарады қыз қызыл гүлдей.

* * *

Күнлер өтти сөйтип арадан,
Салқын самал ести даладан.
Ҳәм көбейди сөйтип тысырлы,
Үпелекти самал ушырды.
Куў далада қаңбақ қаңғырды,
Жаз сандығы сырын алдырды,
Сөйтип сарғыш тартты дөгерек.
Жапырақ шашып гүўледи терек,
Селтең берип еки қулаққа.
Жапырақ мегзеп гөне қураққа,
Аяқлардың астында жатты,
Қозғалады ол ўақты-ўақты.
Сарғыш тартқан сары жапырақ
Шақаларда турды қалтырып.
Үй алдында ешек хәррегеи
Ушып-қонып жүрер пәллеге.
Қумырысқалар таппастан тыным,



Ертели-кеш арқалар жүгин.
Ал, балалар болса аўылда
Ширенгенше тойып қаўынға,
Байқыл-байқыл болып бет-аўзы,
Гүрес баслар май топырақта.
Қояр жаға жыртылған ўақта.
Қолы менен мурынын сүртип...
Ҳәррегенниң уясын түртип,
Қашып жүрип исер шекеси.
Ылай жағып қояр шешеси.
Көз жиберип қарасаң егер,
Әўдийисер пищен гүдилер.
Қып-қызыл боп писken жийделер,
Жийделерге ғарға үймелеп,
Ғақылдасып ушып қонады,
Гейде жерге түсип қонады.
Қандай жақсы гүз келген ўақлар.
Асқабақ ҳәм палаўқабақлар
Сыймағандай өз палызына,
Асырылып шеңгел ҳәремнен,
Салбырасып турыпты төмен.
Бул аўылдың қубла бетинде—
Пахта даласының шетинде:
Шайқатылған аўыл бағы бар,
Ерик, шабдал, оннан табылар.
Аўыл бағы дым пайызлы жер,
Барлық адам бул бағқа келер.
Усы бағдың күн шығарында
Қаўын қосы болады жылда,
Үсен ғарры қостың ишинде
Қаўын қорып отырар күнде.

Қосқа келген ҳәр бир адамды
Қаўын жарып сыйлайды ғарры.
Ал балалар оған үйирсек.
Қоста ғарры айтады ертек.
Ғарры дәўдиң дәл өзи болып,
Қабақ үйип турады келип.
Жоқ жердеги бәлени таўып,
Айтқан ўақта кетер түс аўып.
Пәлек ушын басса бир бала;
„Басқылама, былай тур бала“
Деп баслайды ғарры сөзлерин,
Ашыңқырап қысық көзлерин.
Ықлас пенен тыңланса ертек,
„Кемпириңе апарып бер“ деп
Бир қаўыннан берип жиберер,
Шертип-шертип көрип жиберер.
Бул ғаррыдан Айсәнем, Сабыр
Ертеклерди тыңлаған не бир.
Бригадир дәпең Дәўлетов
Усы қосқа келеди жетип.
Алашада малдас қурынып,
Мардыяды былай бурылып,
Ҳәм де гүрбек, секерпаны
Парылдатып қойып жарады.
Ҳәм шыйырып шым қара муртын,
Қаўын жейди томпайтып уртын.
Солай етип, Дәўлетов Доспан
Қарнын сыйпап шығады қостан.
Жийрен атқа қойған арқанлап,
Зорға жетип барар талтаңлап.
Соң кетеди пахта қырманға,



Қолы тийсе келер булманға.
Әне, анаў шайқалған таллар,
Арасында оның аўыл бар.
Суў жылтырап турған жап-қарық,
Мине, мынаў тутас пахталық:
Кең далада жүз мың қыз-жаўан
Мыйық тартып турғандай саған.
Қапталында анаў аўылдың
Нардай төгип жатыр сары қум.
Мине, мынаў қумның етеги,
Усы маннан гүзар өтеди.
Тәрип етсем усы гүзарды,
Бас жибиндей жатырған „нардың“,
Ийретилген усы гүзардан
Машиналар өтеди мудам.
Бул кәрадан өткен машина
Аўыр нәрселерди тасыйма?
Ыңыранып зордан тартады,
Сөйтип өтер қумлар арқалы.
Солай етип салқын гүз келип,
Аўыл көрки кетти өзгерип.

* * *

Тыңласаңыз ендиги сөзди,
Күн батып қас қарайған мезгил,
Пахталықтан, пахта қырманнан,
Қуўаныштан жүзи нурланған—
Қыз-келиншек келер күлисип,
Суў серписип, жаптан суў ишип.
Ойнап-күлсе қыз-келиншеклер,
Әтирапты күлкиге бөлер,

Мине аўыл. Олар келиўден
Ильич нуры жарқ етти бирден.
Аўыл иши жайнады сондай,
Көкте жулдыз ойнады сондай.

* * *

„Айсәнемжан, келдиңбе, қызым,
Бет-қолыңды жуў да жулдызым,
Дастурханға келе ғой тезден,
Сени күтип отыр едим мен.
Сен болмасаң қасымда мениң
Бойға жуқпас сирә ишкеним...“
Мийирмансаң, о, ана байғус!
Айсәнемжан қызық ғой жалғыз,
Оннан басқа кимиң бар сениң.
Қызың менен толады кемиң.
...Аўқатланып болғаннан кейин,
Кемпир қызға салды да зейин
„Келгенсеңди жумыстан шаршап,
Енди, қызым, жатып қыйсайсақ...
Әй, Айсәнем, мийим қурысын,
Путин емес мениң бир исим.
Бүйте берип не болды маған!
Әскерликке кеткен баладан
Сениң атағыңа хат келди.“
Деп қызына хатты апкелди.
Қыз кирди де жатақ жайына,
Қызғыш енип гүл шырайына,
Әстен ғана, әнедей болып,
Кроватқа отырды келип.



Бир көпшикке салып ийинин,
Дүзеңкиреп қойып кийимин,
Адреске нәзер таслады.
Хатты бастан оқый баслады.
Илинбеген еди бир илгек,
Көкиреги турды дирилдеп.
Келген еди Сабырдан бул хат
Оқыўшыма берейин тил хат:
Я келдиме қызға жағынғым,
Сонлықтанба суўшы Сабырдың—
Армияға кетип қалғанын
Өз ўақтында айта алмадым.
Әдиўли дос, сол ушын да мен
Бир кеширим сорайман сеннен.
Хатты оқып болды да тезден,
Қайта-қайта өткерди көзден,
Күш-қуўатын жумсап көзлерге
Әсиресе мына сөзлерге
Зейин салып жатты ол узақ:
„Жоллар алыс, жүрегим бирақ,
Саған жақын, көзлерим көрген—
Ойнап-өсип туўылған жерден
Узақлығым болмаса ҳәргиз,
Мен өсимди сезбеймен жалғыз.
Сәрўи бойың, саўлатлы турқың
Көз алдымнан кетпейди бир күн.
Аўыр хызмет бизде ҳәр күни,
Армияның қатаң тәртиби...
Сен есиме түскен ўақлары
Жеңил болып көринер бәри.
Сен шықпайсаң ҳәргиз есимнен,

Көкирегимди мениң өсирген
Сениң күлкиң ҳәм көз қарасың.
Енди бир жыл мениң таласым...“
Басты хатты көксине әсте
Ҳәм Сабырды түсирди еске.
Қыз берилди сырлы сезимге.
Армияға кетер гезинде
Сабыр менен ушырасқаны
Көз алдынан өте баслады...

* * *

...Сүттей жарық айлы түн еди,
Жулдыз жайнап, жулдыз күледи.
Шақалары салынған ақ тал,
Еки жас жан гезлескен ўақлар,
Самал менен турды шайқалып.
Бир ақ терек турды қайқайып,
Бәлент санап өзин ақ талдан,
Түр билдирген яңлы мақтанған.
Қыз ҳәм жигит узақ сырласты,
Ақыр соңы сөзлер де қашты.
Сөйлесиўге табылмай сөзлер,
Бир-бирине тигилди көзлер.
Келди бирден сезим толқыны;
Қандай жақсы еди сол түни!
Сол гезлесиў, сол көз қараслар
Ядларынан шықпайды ҳаслан
Ең ақырғы демине шекем.
„Сени жақсы көремен“ деген
Сөз болмады ҳәргиз арада,
Бирақ көзлер, көзлер қараған



Бир бирине ынтық екенин
Аңлатады ҳәзирге дейин.

* * *

Ўақыя көп усы гүздеги:
Көп жигитлер гүдер үзбеди,
Айсәнемнен болды дәмедар,
Анасына айттырды олар.
Сонда кемпир ойланыңқырап
Жуўап берди: „...Дурыс ғой, бирақ
Бурынғының жолы батыл ғой,
Сүйгенине кетип атыр ғой
Ҳәзиргиниң қызлары, если
Адам болса жаңаға көшти.
Егер қыздың өзи қәлесе,
Оған өзим болсам да шеше,
Қой демеймен. Әне сол ушын
Қыздың өзи менен келисиң,
Тек айтқаны болады қыздың,
Төркини сол ҳақыйқат сөздиң.
Ашық болып жүрди Ақылбек,
Қыз айтпады сирә мақул деп.
Қәлеминен цифрлар төккен
Табелши еди аўылда көптен.
Ол, Айсәнем барса атызға...
Япырмай, көп қарайды қызға.
Айсәнемниң жүргенин аңлап,
Қапталына келер қыйсаңлап.
Қапталына барса, бирақта,
Қыз қашады оннан жыраққа.

„Мен жақпаспан оған сөз айтып,
Жағынаман бул қызға қәйтип?
Мен дегенде қулкы шебирек.
Пахта жазсам оған көбирек..."
Жағыныўдың жолын изледи,
Қыз жүрегин сирә сезбеди.

* * *

Еки ашық — Сабыр, Айсәнем,
Хат алысты бири-биринен,
Хатқа түсти үмит, әрманлар,
Мақсет таңы-келешек таңлар.
Сулыў сезим түсти хатларға.
Самарканд я Ташкент жақларда
Бирге жүрип оқыйтуғыны...
Кеўил толқып жазысты буны.

* * *

Айсәнемниң қойнында хат бар,
Ҳеш кимге де көрсетпей сақлар.
Әкеп берди оны бағаня
Аўылдағы почтальон, ана!
Жүргенликтен атыз ишинде,
Көрсетпейди оны ҳеш кимге,
Хатты оқығанша асығар,
Кетип қалса пахтасы қалар.
Пахтасын тез өлшеп болыўдан
Үй бетине қайтпақшы жылдам.
Тәрезиге пахтасын тартып...



Оқып шықты хатты қумартып.
Айсәнемниң кейпи бузылды.
Келтирейин хаттан үзинди:
„...Айсәнем мен қуўаныштаман,
Бүгин келди газета маған.
Газетаға сер салып көрсем,
Маған қарап күлип турсаң сен.
Усы газетада басылған,—
Сен туўралы сулыў жазылған.
Мақаланы оқып шығыўдан
Сәлем жоллап атырман саған.
Қутлықлайман өзиңди, жаным.
Бул хаққында дым айтпағаның...
Сөзим тамам усының менен".
Хатына хат жазды Айсәнем:
„...Сен жазыпсаң маған өкпелеп,
Бул ҳаққында айтпағаның" деп.
Сен өкпелеп жүрипсең бийкар,
Алды менен сен түсинип ал.
Бул аўҳалды түсингениңде,
Сен қуўанбас едиң өмирде.
Шыққан ўақта сол бир мақала
(Айтқаным жоқ буны апама)
Мен буўлығып кеттим ызадан
Бастан айтып берейин саған:
„...Мен кешқурын қырманға келсем,
„Қутлықлайман сени Айсәнем,
Газетаға шығыпсаң достым"
Деп курдаслар қолымды қысты.
Газетаны маған көрсетти..,
Ал мен әбден қызарып кеттим.

Сам-саз болып турдым сол манда,
Ақыры бәри, бәри жалған да!
Өтирикти жазған болмаған,
Ал мен сирә он бир тоннадан
Асырып ҳеш пахта термедим!
Ол мени ғой тирилей жерледи!
Теримшимен өзим ебиндей,
Соның ушын көзге көрибей...
Барлық адам биледи буны,
Түсce маған көзинин қыры,
„Әй, сен қызда әдеуир гәп бар,
(Бәри де көз астынан бақлар)
Байланысы бар шығар сирә,
Табелшиге яр шығар сирә“
Деген гуман сөзлерди олар
Маған айтып өткендей болар.
Сыр жоқ Сабыр, сеннен жасырын.
Ким қараса жети насырым,—
Бугиледи. Сол ўақта әбден
Жер жарылса кирип кетер ем.
Айтсам егер сөзлердиң ҳағын,
Мийим зеңип, шыңлар қулағым,
Үйде, дузде отырсам, турсам,
Пахта терсем, бир жумыс қылсам,
Жас жигитлер отырыспада,
Арақ ишип, қызысып жүдә,
Бир көпшиктен баўырға басып,
Қызарысып, ўаҳаҳаласып
Атырғандай мениң үстимненн.
Көп қыйналдым. Ал бир күни мен...
Сол Ақылбек жарамсақланып,



Қолларына газета алып,
Келип еди қасыма мениң,
Шаппат пенен салып жибердим—
Ҳәзиргиниң мәдениятлы
Қызы қусап билген уятты.
Сөз айтыўға еле қорқады,
Бул әнгиме бирден тарқады.
Соннан бери ҳеш еркек адам
Қыйсаңласып келмейди маған.

* * *

Желдей жүйиткип поезд зуўлайды,
Айланады дөңгелек зыр-зыр.
Көк еменлер басын ырғайды,
Өтер емес ўақыты қурғыр.
Айланады дөңгелек зыр-зыр.

Телеграф бағаналары,
Бийик таўлар, қалың тоғайлар...
Артта қалып барады бәри.
Бәрин-бәрин Сабыр абайлар,
Артта қалар қалың тоғайлар.

Қалып барар дәрья, көлатлар...
Жигит отыр қарап айнадан,
Еске түсер туўған елатлар...
Жағына қол тиреп ойланар,
Жигит отыр қарап айнадан.

Көз алдында пахта даласы...
Поезд зуўлар, таллар шайқалар,

Көз алдында ғәрип анасы...
Жигит сағынышы байқалар.
Поезд зуўлар, таллар шайқалар.

Көз алдында қатар-қурбылар...
Поезд жүрип киятыр үш күн,
Өз журты ҳәм дайы журты бар...
Адамларын көрмеген үш жыл.
Поезд жүрип киятыр үш күн.

Көз алдына келер Айсәнем...
Поезд зуўлап барар тақылдап.
Жигит сырлас өз ойы менен.
Турған яңлы ойын мақуллап,
Поезд зуўлап барар тақылдап.

* * *

Айтқан яңлы бир әжайып таң,
Айсәнем қыз бүгин шадыман,
Жүрегинде әжайып сезим,
Қустай жеңил сезеди өзин.
Көкте қуяш турар жадырап,
Сондай сулыў дейсең әтирап!
Қуўаныштан бергендей хабар,
Шашын сыйпап өтеди самал.
Сондай шадлы! Далаға шығып,—
Кетсем дейди бирден жуўырып.

* * *

Есиндеме ақ тал баяғы,
Былай салып таслап саяны,

Шайқатылып турыпты мине,
Ашықлардан тыңлап әңгиме.
Бул әңгиме қысқа ямаса
Ақ талларға берип тамаша
Таң атқанша бәлки созылар,
Енди оған кимниң сөзи бар!
Соңғы сөзи мынаў автордың;
Ашықларды бираз гәп қылдым.
Мийнет ете ғойып ем сонша,
Тез арада тойлары болса!

*1967-жыл.*

## МАЗМУНЫ

### Түрли ырғақлар


Досларыма дегенлерим . . . . . . . . . . . . . . 5
Адамгершиликке абайлы болың . . . . . . . . . 7
Кеўлим сүйер көкке талўас етиўди . . . . . . . 8
Сонда ғана мен өзиме усайман . . . . . . . . . 9
Мени отырыспаға мирәт еткен достыма . . . . . 11
Кемшилигин көрмес мәҳийтабанлар . . . . . . . 13
Туўылған жер косығы . . . . . . . . . . . . . 14
Жақсылыққа үйрет . . . . . . . . . . . . . . 17
Сүйемен деп . . . . . . . . . . . . . . . . . 20


### Күн шығыс муқамлары


Адамға шын дос керек . . . . . . . . . . . . . 24
Жаўын жаўды деп айтарма . . . . . . . . . . . 26
Журтқа айтар ақыл қайда . . . . . . . . . . . 28
Әй нигар . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Қәдди-қәўметиң . . . . . . . . . . . . . . . 31
Канша жумыслар карап тур . . . . . . . . . . 32
Қаршығадай қыялланып . . . . . . . . . . . . 33
Қап-қара қаслар астында . . . . . . . . . . . 35
Кеўлимди көкке көтерер . . . . . . . . . . . 37
Желкилдесип көк гиялар . . . . . . . . . . . 38
Оҳо, Пушкин парнасына . . . . . . . . . . . . 40


### Поэмалар


Перийзат . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
Айсәнем . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67




*На каракалпакском языке*

***Тулепберген Матмуратов***

## АЙСАНЕМ

Стихи и поэмы


*Издательство „Каракалпакстан"*

*Нукус—1973.*